

# Mande'm a pwopo de Chanjman Fizik Matyè

Jodi a, yon enstriktè de Mize Discovery nan Acton te vizite nan klas mwen e li te fè yon pwogram sou Chanjman Fizik Matyè.

Nou eksplorè twa eta matyè: solid, likid, gaz Mwen wè dè bagay "kool" pandan ke matyè chanje de yon fòm a yon lòt. Mande'm kòman ou kapab sèvi ak glas sèch pou gonfle yon balon oubyen kisa ki pase lè ou mete menm balon sa ak nitrojèn likid.

Eske ou konnen kijan ou kapab sèvi ak yon fig pou kapab klosure yon klou nan yon blòk bwa? Ban'm pale'w de sa.

Eksplorè plis ak mwen ak eksperimentasyon ki pa anba yo.

## Yon Goute ki Frèt

Eseye eksperimentasyon ki gou sa lakay ou pou wè kijan yon likid vinn yo solid.

### Kisa ke ou bezwen:

- 1/2 kèp lèt ki gen gou
- 2 kèp glas ki kraze
- 1/2 kèp sèl wòch
- yon sache sandwich plastik ke ou kapab resele
- yon sache plastik 1 galon ke ou kapab resele
- yon pè gan pou ivè
- kiyè

### Kisa pou fè:

1. Mete lèt ki gen savè a nan sache sandwich ki piti an Fèmen li byen.
2. Ajoute glas graze yon ak sèl wòch lan nan sache plastik ki yon galon.
3. Mete ti sache an nan gwo sache an. Fèmen gwo sache an byen.
4. Dousman mase gwo sache kontinyèlman. Ak tan w'ap konstate ke kelke chanjman ap pase nan lèt awomatize ki nan sache ki pi piti an. Kontinye moulen lèt e apre senk minit l'ap tounen krèm a glas. (Si men'w vinn twò frèt, sèvi ak gan yo pou kapab kenbe li cho pandan w'ap travay).
5. Lè krèm a glas ou an parèt ke li pare, retire ti sache an nan gwo sache an. Ouvri li pou kapab jwi goute frèt ou an!

